



Pou Piblikasyon Imedya: 21/07/2017

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE PLAN POU REKONSTWI 126 KILOMÈT
ENFRASTRIKTI TRANSMISYON ELEKTRIK
NAN REJYON NORTH COUNTRY A**

Rekonstriksyon Wout Prensipal Transmisyon Elektrik Prensipal ki soti Nò rive Sid la pral Modènize Sistèm lan; I ap ede Eta New York la Satisfè Estanda Enèji Pwòp Gouvènè a pou gen 50 Pousan Kouran k ap soti nan Sous Enèji Renouvlab avan 2030

Pakou Entèlijan Moses-Adirondack la ap Pèmèt plis Sous Enèji Renouvlab tankou Van ak Idwoelektrik sikile atravè Rezo Elektrik Eta a; sa k ap sipòte 2,000 djòb

Kat Jewografik Otowout Enèji Pwòp Eta New York la disponib [Isit la](#)

Jodi a, Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse plan pou yo rekonstwi 126 kilomèt enfrastrikti transmisyon elektrik nan rejyon North Country a, sa k ap plis ranfòse fyabilite rezo elektrik Eta New York la epi pèmèt yo konekte plis sous enèji renouvlab ki soti nan rejyon nò a ak sistèm elektrik toupatou atravè eta a. Liy transmisyon yo pral fenk rekonstwi a, yo ap rele l Pwojè Pakou Entèlijan anvè Fyabilite Moses-Adirondack la (Moses-Adirondack Smart Path Reliability), pral ede satisfè Estanda Enèji Pwòp (Clean Energy Standard) Gouvènè a ki egzije pou 50 pousan nan kouran New York itilize soti nan sous enèji renouvlab tankou van ak solè avan 2030. Pwojè transmisyon tankou sila sa ka jwe yon wòl enpòtan lè yo achemine kouran yo pwodwi nan rejyon nò eta a - kote yon kantite kwasan opsyon sous enèji renouvlab ap vin an sèvis - rive nan zòn kote yo bezwen sous sa yo nan rejyon sid eta a.

“Modènizasyon ki enpòtan anpil sa yo k ap fèt la pral ede ranfòse ekonomi enèji pwòp nou an nan kat kwen eta a, epi l ap ede New York atenn estanda enèji pwòp li genyen yo kòm yon eta pilòt nan peyi a”, **Gouvènè Cuomo te deklare.** “Lè nou envesti nan dirabilite alontèm nan enfrastrikti enèji eta a jodi a, nou ap ede asire Nouyòkè yo pral gen aksè a yon avni ki pi pwòp, ki pi favorab a anviwonman pandan anpil ane k ap vini ankò.”

Yo prevwa pou pwojè Pakou Entèlijan la kreye apeprè 2,000 djòb byen peye atan plen, pandan dire devlopman ak konstrikasyon travay yo. Yo prevwa tout konstrikasyon yo ap fèt sou plas nan kad priyorite ki la deja yo nan fason pou yo minimize enpak ki ka gen sou anviwonman yo ak sou pwopriyete adjasan an yo ak pwopriyete tè yo. Anplis de sa

a, pwojè a pral chache jwenn yon apwòch ki disponib k ap pèmèt yo akselere pwojè a pou modènizasyon ki pa agrandi kad priyorite a. Yo estime konstriksyon yo pral dire katran epi yo konte kòmanse an 2019.

Pwojè Pakou Entèlijan la, lè li fini, pral soti nò rive sid atravè konte St. Lawrence ak Konte Lewis, epi l ap pote enèji pwòp, ekonomik, ak renouvlab, ki gen ladan idwoelektrik pou Pwojè Enèji St. Lawrence-Franklin D. Roosevelt Otorite Enèji New York la (New York Power Authority, NYPA) ap antreprann lan ak enèji k ap soti nan pak ewolyen yo fenk konstwi a, ak lòt sous enèji renouvlab agrand echèl yo, soti nan rejyon nò eta a, rive nan zòn rejyon sid eta kote gen pwisans enèji elve yo an demand.

Jan yo te imajine l nan [Plan Direktè Otowout Enèji New York \(NY Energy Highway Blueprint\)](#) Gouvènè Cuomo a, yo te pibliye an 2012 la, investisman nan transmisyon an pral pèmèt enèji pwòp sikile nan yon fason ki pi efikas ak pi rantab atravè rezo elektrik eta a epi l ap ankouraje yon mache pou vann enèji angwo konpetitif ki solid. Avèk konsantrasyon eta mete sou enèji pwòp ak renouvlab la, yo te devlope Otowout Enèji 2012 la pou l vin tounen yon Otowout Enèji Pwòp (Clean Energy Highway), epi ansanm ak Estanda Enèji Pwòp Gouvènè a, l ap asire gen enèji pwòp, rantab disponib pou tout Nouyòkè yo. Inisyativ Otowout Enèji Pwòp ak [Refòm Vizyon Enèji \(Reforming the Energy Vision\)](#) Gouvènè a yo, ansanm ak Plan Enèji Eta New York ane 2015 lan (New York State Energy Plan), ap founi yon apwòch ak yon modèl biznis kowòdone pou sistèm elektrik 21èm syèk Eta a k ap devlope a pandan l ap aplike yon angajman inebranlab anvè enèji pwòp.

Richard L. Kauffman, Prezidan Enèji ak Finans (Energy and Finance) Eta New York la te di, “Pwojè Pakou Entèlijan la sipòte apwòch inovatè nan kad inisyativ Refòm Vizyon Enèji Gouvènè Cuomo a pou ankouraje yo fè investisman nan yon transmisyon inovatif ak nan modènizasyon enfrastrikti a pou modènize rezo elektrik la. Investisman sa yo pral ede nou ajoute plis resous n ap distribiye yo tankou van ak solè pou alimante rezo a pandan n ap konstwi yon sistèm enèji ki pi pwòp, pi rezistan ak pi abòdab, k ap sipòte djòb ak devlopman ekonomik toupatou atravè New York.”

Yo te deja kòmanse reyalize pwogrè bonè nan Otowout Enèji Pwòp la avèk finisman plizyè pwojè transmisyon, ki gen ladan yo Pwojè Konpansasyon Seri Marcy South la (Marcy South Series Compensation Project) ak pwojè ki soti Ramapo rive Rock Tavern lan (Ramapo to Rock Tavern project). Gen de solisyon transmisyon adisyonèl y ap evalye aktyèlman pou Rejyon Lwès New York la ak Rejyon Central East la, ak r Osidès Rejyon Nò a yo. Anplis de sa, Komisyon Sèvis Piblik la (Public Service Commission, PSC) gen yon pwosesis ouvè pou yo evalye bezwen pou devlope plis transmisyon atravè eta a, epi plis nan pati konsène yo, ki gen ladan NYPA, te mande pou yo kontinye ranfòse resous transmisyon nan Rejyon Nò New York la yo. Pwojè sa yo pral ede asire enèji k ap soti nan zòn Rejyon Lwès New York la ak Rejyon Nò New York yo ki rich an enèji renouvlab yo pral gen yon pakou ki pi rantab pou konsomatè yo, pandan yo ap pèmèt yo kontinye benefisye tou de pwogram devlopman ekonomik ki asosye avèk yo a yo.

“Nouvo liy transmisyon modènize yo pral asire sistèm enèji New York la kontinye rete fyab epi l ap ede vizyon Otowout Enèji Pwòp Gouvènè Cuomo a vin yon reyalite, lè li relye plis sous enèji renouvlab a rezo a”, **Gil C. Quiniones, ki se Prezidan ak PDG**

NYPA la te di. “Pwojè sa se yon lòt egzann ankò ki montre angajman NYPA pral pou l konstwi yon enfastrikti enèji fyab, pwòp nan Eta New York. Anpil milyon Nouyòkè depann de sistèm transmisyon enèji a chak jou, epi nou menm nan NYPA, nou fyè pou nou kontinye konstwi, modènize, epi fè fonksyone resous enèji ki gen kalib mondyal yo pou pèp New York la kounye ak alavni, ansanm ak patnè ki gen menm vizyon avèk nou yo.”

Wout prensipal transmisyon Moses-Adirondack la 440 milyon dola sa a pral konstwi a gen ladan, ranplase 126 nan 138 kilomèt chak nan de liy transmisyon gouvènman federal la te konstwi orijinalman an 1942 a yo epi Otorite Enèji te achte yo an 1953. Liy transmisyon yo soti Massena nan Konte St. Lawrence lan, kote santral idwoelektrik St. Lawrence-FDR NYPA a ye a, rive nan yon sikisal ki nan Vil Croghan nan Konte Lewis. Liy transmisyon yo toujou sipòte plizyè zòn yo ak poto an bwa demode, yo pral ranplase yo ak nouvo estrikti ki gen yon sèl poto ki fèt an asye.

Nouvo estrikti ak kondiktè yo pral kapab transmèt jiska 345 kilovòlt, men y ap fonksyone nan nivo aktyèl la ki se 230kV akoutèm. Kapasite pou ogmante vòltaj lè demann lan mande plis la se yon fason rantab pou nou deklanche plis enèji renouvlab, espesyalman nan enèji renouvlab ki pwodwi anndan eta a ak enèji idwoelektrik nou enpòte soti Canada, rive nenpòt kote sou liy transmisyon an, pandan New York ap kontiinye fè vanse objektif enèji pwòp li yo. NYPA te travay ak pwopriyetè transmisyon nan New York yo, ki gen ladan Con Ed, NYSEG (New York State Electric and Gas Corporation), Otorite Enèji Long Island lan (Long Island Power Authority), Rezo Elektrik Nasyonal la (National Grid) ak konpayi Elektrik ak Gaz Central Hudson lan (Central Hudson Gas & Electric), pou yo jwenn konkirans nan kad konsepsyon Pakou Entèlijans la pou sipòte agrandisman devlopman enèji renouvlab yo alontèm.

“Yon rezo transmisyon solid esansyèl pou efò New York ap fè pou l ogmante ak deplwaye plis sous enèji renouvlab la”, **Rory Christian, ki se Direktè Fon Enèji Pwòp (New York Clean Energy) ak Defans Anviwonmantal (Environmental Defense Fund) New York la, te di.** “Sa pral ogmante opòtinite pou devlope sous enèji pwòp toupatou atravè eta a, epi konekte rejyon nan zòn sid eta a ak kouran abòdab yo deja ap jenere nan Rejyon Nò Eta New York la.”

“Pwojè transmisyon yo pral jwe yo wòl enpòtan anpil pou asire resous van ak solèy abondan New York genyen yo ka ofri kouran bay konsomatè yo toupatou atravè eta a”, **Jackson Morris, ki se Direktè Enèji Zòn Lès nan Konsil Defans Resous Natirèl la (Natural Resources Defense Council) yo te di.** “Lè nou konekte Nouyòkè yo ak kouran ki jenere apati resous ki pa lakoz polisyon yo, sa vle di n ap gen lè ki pi pwòp ak kominote ki pi an sante pou nou tout. Nouvo pwojè a pral enpòtan anpil pou ede redwi depandans nou de santral elektrik konbistib fosil sal yo alimante yo, l ap jwe yon wòl enpòtan anpil nan kad akonplisman efò Gouvènè Cuomo ap fè kòm yon eta pilòt nan peyi a, pou gen 50 pousan nan kouran New York itilize a soti nan sous enèji renouvlab avan 2030”.

“New York te fè gran pwogrè nan lit kont efè chanjman klimatik yo lè l ap devlope sektè enèji renouvlab ak djòb nan sektè enèji ki favorab a anviwonman yo (Green Collar jobs) ki fondamantalman enpòtan pou kwasans ekonomik nan eta nou an”, **Richard Berkley, ki se Direktè Jeneral Public Utility Law Project of New York, te di.** “Lè nou

ranplase ansyen pyès demode nan rezo elektrik nou an atravè pwojè inovatè tankou Pwojè Pakou Entèlijan NYPA a ak lòt investisman rezonab inisyativ Otowout Enèji Pwòp Gouvènè a ap fè yo, eta nou an pral kontinye fè pwogrè vital nan lit kont efè chanjman klimatik yo. Modènizasyon sa a pral amelyore aksesibilite ak abòdabilite enèji renouvlab pou konsomatè k ap viv nan zòn riral ki gen revni fèb oswa revni fiks yo. Nou aplodi pwojè Pakou Entèlijan ak Otowout Enèji Pwòp la yo, ak avantaj yo pral pote pou konsomatè enèji New York yo”.

“Sa se fason yo dwe konstwi transmisyon yo”, **Gavin Donohue, ki se Prezidan ak PDG Independent Power Producers of New York, Inc. lan, te di.** “Se yon bon moman pou nou devlope enèji renouvlab nan New York, epi agrandisman transmisyon yo k ap benefisye jeneratè anndan eta yo lè nou fè sikile plis kouran atravè eta a, ap atire investisman k ap anrichi tout Nouyòkè yo. Nou atann pou finisman kontrandi sou transmisyon Rejyon Lwès New York ak transmisyon Kouran Altènatif yo, ki ap egzamine nan yon fason transparan, kijan pou yo rantabilize resous ki ka jenere enèji ki la deja nan New York yo ak sila yo pral mete alavni yo nan yon fason rantab pou satisfè objektif enèji pwòp Gouvènè Cuomo a. Konstriksyon sistèm transmisyon an ap kreye djòb, ogmante revni taks yo, epi pèmèt gen yon mache elektrik ki pi solid ak pi konpetitif - sa k ap kenbe pri yo ba pou konsomatè yo”.

“Nan non manm Direktè Komèsyal Fratènite Entènasyonal Travayè Elektrikeyen Lokal 2032 yo (International Brotherhood of Electrical Workers Local 2032, IBEW Local 2032), fanmi yo ak rezidan rejyon North Country yo, mwen vle remèsye Gouvènè Cuomo pou angajman l pran pou l travay ak NYPA ak IBEW pou yo pote bon jan djòb sendika ki byen peye nan rejyon North Country a”, **Direktè Komèsyal Fratènite Entènasyonal Travayè Elektrikeyen Lokal 2032 yo, Bill Brown, Jr. te di.** “Sa ap make 55èm ane depi sendika a ap travay ak NYPA epi nou atann pou nou benefisye de nouvo liy Pakou Entèlijan Moses-Adirondack la.”

“Investisman nan nouvo transmisyon an k ap pèmèt plis enèji renouvlab sikile kote yo bezwen yo se yon apwòch ki alafwa vizyonè epi entèlijan pou New York”, **Anne Reynolds, ki se Direktè Jeneral Alyans pou Enèji Pwòp New York la (Alliance for Clean Energy New York).** “Lefèt pwojè sa a ap vanse vè lavan se yon bòn nouvel endistri enèji renouvlab la ap byen akeyi.”

###

W'ap jwenn lòt nouvel ki disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Ekzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418